Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи



# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

№ 48 (6628) 26 ноябрь 2018 с. Итни РабигIул аввал 1440 с. Багьа 5 гъур.

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Эбелалъул хIатIакь буго алжан**

-2 гьум.



**Анкьа-заргоялдаса цIикIкIун хъулухъ тIубазабуна**

-3 гьум.



**«Нусго школа» программаялда рекъон, цIигьабуна игьелдерил школалъул тIох**

- 3 гьум.



**«Гумбет» басма – бакълъулазул тарих**

-4 гьум.

БАРКИ

# Эбелалъул къо

Щибаб соналъул ноябралъул ахирисеб гьатIан къоялъ кIодо гьабула эбелалъул къо. Эбел. Гьеб рагIул хинлъиги, хиралъиги, тIадегIанлъиги, хIайранлъиги бичIчIуларев инсан ракьалда вижун ватиларо. Эбел йиго рукъалъул гьаситоялъуб цIа цIунулейги, лъикIаб тарбия кьун, жинда бихьулеб гIакъуба захIмалъиялъухъ балагьичIого лъимал гIезарулейги, экономикиябгун социалияб рахъалъ росабалъ церетIеял рукIинариялъе гIоло хIаракатай къеркьохъанги. Улбул руго районалъул жамгIияб гIумруялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабулелги, маданияб, сахлъи цIуниялъул, лъай-тарбия кьеялъул бутIабазда хIалтIулъ мисал бихьизабулелги.

Эбелалъул къо чIезаби – гьеб ккола чIужугIадан – эбелалдехун гIорхъи гьечIеб рокьи ва хIурматияб куцалда адаб загьир гьабилъун.

ХIурматиял улбул, баркула ракI-ракIалъ нужеда байрам. Биччанте, нужер щияй йоххизе ва чIухIизе нужерго лъималаздаса, бачIунгеги тIаде пашманаб къо, гьарула нужее хъизан – рукъ рекъараб, парахатаб, талихIаб гIумру, нужер лъималазе щулияб сахлъи, иман, адаб бугеллъун, нуж разиялльун гIунрачIаги гьел.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер**
**ХIажимурад МухIамадов**

ХАЛКЪАЛЪУЛ БЕР ГIОРЦIАРАБ ГIАЖАИБАБ ДАГЪИСТАН

# Мадугьалихъ ругел районазулгун гIорхъаби мухIкан гьари

### Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов гIахьаллъана муниципалитетазул гIорхъаби мухIканлъизариялъул данделъиялда

**20 ноябралда муниципалитеталъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул нухмалъиялда, Бакълъулазул районалъул делегациялъ гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул районазул гIорхъаби мухIканлъизариялъул хIакъалъулъ суал гьоркьоб лъураб данделъиялда.**



Данделъи тIобитIана ДРялъул ракьул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул рахъалъ министерствоялда. Данделъи рагьана ва бачана министрасул заместитель Мурад ГIалиевас.

Бакълъулазул районалъул делегациялда гьоркьор рукIана районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулев ХIусен Мутаев, буголъиялъул гьоркьорлъабазул суалазул рахъалъ ведущий специалист Умалат МухIамаднабиев ва цогидалги. Данделъиялда гIахьаллъана Дагътехкадастралъул ва цогидалги ведомствабазул хIалтIухъабиги.

Гьоркьор лъуна Бакълъулазул районалъулгун гIорхъабазда хурхарал суалалги. Баянаб букIахъе, Гумбеталъул гIорхъода руго мугIрузул улкаялъул Болъихъ, Хунзахъ, Унсоколо, Казбек, Буйнакск район, Чачан Республикаялъул Ножай-юрт районги.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

# 206 чиясе хъулухъ, гIи-боцIул переписалде хIадурлъи, республикаялъул «Нусго школа» программа тIубай...

### Бакълъулазул районалда гьоркьоб лъуна ракьалдаса мунпагIат кьоледухъ пайда босиялъул суал

**19 ноябралда Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIана ракьалдаса мунпагIат кьоледухъ пайда босиялъул хIакъалъулъ ва цогидалги кIвар бугел суалал гьоркьоб лъураб данделъи. Гьенир гIахьаллъана федералиял, республикаялъулал ва муниципалиял идарабазул хIалтIухъаби, бакIалъул самоуправлениялъул органазул вакилзаби ва цогидалги.**



Данделъи рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас.

Дагъистанстаталъул Гумбеталда вугев бетIерав специалист –эксперт МухIамад Лабазановас ракIалде щвезабуна щибаб магIишатияб бутIаялда бугеб хIалалъул хIакъалъулъ баянал жиндир заманалда кьезе кколеллъи.

Дагъистаналъул МФЦялъул Гумбеталъул филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас баян кьуна араб анкьалъ пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ хIажалъун 326 чи вачIанин, 206 гIарза тIубанин, цогидал суалал тIуралелги ругин.

Бакълъулазул районалъул централияб больницаялъул хIалтIухъаби росабалъе хIалтIулаб сапаралъ ана. Игьали гьоркьохъеб школалда халгьабуна 180 цIалдохъанасул. Гьел ва цогидалги сахлъи цIуниялъул бутIаялда гьарурал хIалтIабазул бицана централияб больницаялъул бетIерав тохтурасул сахгьариялъул рахъалъ заместитель МухIамадхIабиб Абакаровас.

Бакълъулазул районалъул бетIерасул гIакълучи АхIмад Сулаймановас бихьизабуна республикаялъулаб «Нусго школа» ва цогидалги проектал гIумруялде рахъинари районалда кин унеб бугебали. Финансовияб рахъалъул бугеб хIал баян гьабуна райадминистрациялъул муниципалиял учреждениязул централизованнияб бухгалтериялъул нухмалъулев Гъайирбег АхIмадовас.

(Ахир-кIиабилеб гьум.)

ЭБЕЛАЛЪ ДИР КИНИДАХЪ КУЧІДУЛ АХІИЧІЕЛАНИ

# Эбелалъул хІатІакь буго алжан

### Гумбеталъул маданияб централда тІобитІана Эбелалъул байрам

**Щибаб соналъул ноябрь моцІалъул ахирисеб гьатІан къоялъ тІолабго Россиялдаго гІадин, нилъер районалдаги кІодо гьабула нилъ гьарурал, гІезарурал, нилъер хириял, къадруял, къиматал улбузул къо. «Эбелалъул къо» байрам Россиялда кІодо гьабизе байбихьана 1998 соналда.**



20 ноябралда Россиялъул халкъазул гІадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул кІалгІаялда рохалилаб ахІвал-хІалалда, районалъул централияб библиотекаялъул лъималазулгун гІолилазул отделалъул библиотекарал ГІазра Исубилаевалъул ва Раисат УхІумагІалиевалъул хІаракаталдалъун тІобитІана вечер. Гьенире къабул гьарун рукІана районцентралъул учреждениязда ва гІуцІабазда хІалтІулел руччаби, районалъул росабалъа гьалбал ва цогидалги.

Дандеруссиналда байбихьилелде гІахьаллъаразда бихьизабуна Россиялъул халкъазул гІадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул нухмалъулев Набигула АхІмадибировас хІадурараб «Кинидахъ кечІ» абураб видееоролик.

Рохалилаб дандеруссин рагьана ва чІужугІаданалъул, эбелалъул хІакъалъулъ берцинал рагІабиги абун, гьезие сахлъиги, рохелги, икъбал-талихІги гьарун байрамалда баркиялъул кІалъай гьабуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІерасул заместитель МухІамад Хъарагишиевас.

Байбихьаралдаса ахиралде щвезегІан улбузул байрам махщалида бачана ГІазра Исубилаевалъ ва Раисат УхІумагІалиевалъ. Балагьарал разилъуледухъ гІуцІун букІана сценарий. Цоязда хадур цогидал гьарун баркиялъулал кІалъаялги, кечІ ахІиги, къурдиги, улбузул хІакъалъулъ рикІкІунел кучІдулги ва цогидабги кинабго рекъон ккезабун букІана.

Баркиялъулаб кІалъаялда культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХІайбула ГІабдурахІмановас бицана «Эбелалъул къо» байрамалъул тарихалъул, исламияб диналъ, хъвадарухъабаз, шагІирзабаз гьей кІодо гьаиялъул. РакІалде щвезаруна МухІаммад аварагасул (с.т.гІ.в.) хІадисазда ругел «Эбелалъул хІатІикь буго алжан» абурал рагІаби. Рехсена гІурусазул хъвадарухъан Максим Горькиясул чІужугІадан, эбел кІодо гьаюн хъварал рагІаби: «Бакъ гьечІони тІугьдул тІегьаларо, чІужугІадан гьечІони рокьи букІунаро, эбел гьечІони я поэт, я бахІарчи вахъунаро, дунялалъул кинабго чІухІи улбуздасан буго».

ЧІужугІаданалъул, улбузул хІакъалъулъ лъикІалщинал рагІабиги абун, гьара-рахьиялги гьарун кІалъазе рахьана шагІир, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член кучІдул рикІкІана МелъелтІа гьоркьохъеб школалъул 8 классалъул цІалдохъан Макка Ахкубеговалъ, гьебго школалъул 2-3-4 классазул цІалдохъабаз, МелъелтІа аслияб школалъул мугІалим Марият МухІамадовалъ.

Балагьаразе рокьана «Гумбеталъул гьунарчагІи» концерталъулаб къокъаялъул кочІохъаби ПатІимат СултІановалъул, Юсуп Синдикъовасул, Муслимат МухІамадовалъул, районалъул искусствалъул школалъул кьурдухъабазул цере рахъинал, гьединго ГІазра Исубилаевалъ, Раисат УхІумагІалиевалъ, МелъелтІа гьоркьохъеб школалъул лъабалъул



ПатІимат АхІмадибирова, Бакълъулазул районалъул руччабазул Советалъул нухмалъулей Загьра ГІабдулаева, МелъелтІа аслияб школалъул нухмалъулей Зульфия ХІажимурадова, МелъелтІа гьоркьохъеб школалъул мугІалимзаби Майсарат Анварбегова ва ХІабизат Бекмирзаева. КІалъазе рахъараз киналго улбузе гьарана паракатаб лъималаздаса, гьезулги лъималаздаса рохараб халатаб гІумру, хьизаналъулаб талихІ, хІалтІулъ бергьенлъаби, щулияб сахлъи.

Улбузе сайгъат гьарурал билеб классалъул цІалдохъан МухІамад МухІамадовас хІараб «Эбелалъул хІатІикь буго алжан» абураб сценка.

ГІолеб гІелалъе тарбия- лъай кьеялда, спорт цебетІезабиялда мустахІикъаб бутІа лъураллъул руччабазе Бакълъулазул районалъул администрациялъул рахъалдасан МухІамад Хъарагишиевас къуна ХІурматалъул грамотаби.

Эбелалъул байрамалда хурхун гІолилазулгун лъималазул библиотекаялъ гІуцІун букІана «Эбелалъул хІакъалъулъ рагІи» абураб выставкаги.

**Къурмагъиз ХІадисова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# Бакълъулазул районалъул централъул аслияб байданалда лъел рогІразе ремонт гьабулеб буго

**Хъил тІураб ва тІекъараб райцентралъул аслияб байданалда рогІрал басралъун, лъим къватІибе кІанцІун букІана. Гьебги хІисабалде босун, «Сельсовет “Мехельтинский”» росдал поселениялъул бетІер МухІамад ГІабдунасировас тадбирал гьарулел руго рогІрал хисиялъе ва къачІаялъе. Гьеб буго Имам Шамилил цІаралда бугеб къватІалде лъим бачараб мухъ. Гьенир хІалтІулел руго Низамудин СагІидов, Коргъоли Коргъолиев, Садрудин Абубакаров.**



Лъим бачарал рогІрал рацІад гьарулел, хисулел руго цогидал авалаздеги. Кидаго гьезда цадахъ хІалтІулъ кумекалъе вахъуна росдал бетІер МухІамад ГІабдунасировги.

**«Гумбет» РИО**

# 206 чиясе хъулухъ, гІи-боцІул переписалде хІадурлъи, республикаялъул «Нусго школа» программа тІубай...

**(Байбихьи-тІоцебесеб гьум.)**

«Сельсовет “Мехельтинский”» росдал поселениялъул бетІер МухІамад ГІабдунасировас абуна лъим бачарал рогІразе ремонт гьабулеб бугин, гІадамазда гьоркьоб, налогал жиндир заманалда кьезе ккеялъул суалазда тІасан, бичІчІи кьеялъул хІалтІи гІуцІиялде кІвар кьолеб бугин.

Районалъул хъаравуллъиялъулгун хІисабалъул палатаялъул нухмалъулев Шамил ГІалиевас баян гьабуна муниципалитеталъул экономикияб рахъалъ бугеб хІал.

«Районалда хІадурлъи гьабулеб буго гІи-боцІул переписалде, данде росун руго 2019 соналъе лъалъалел рекьулел ракьул баянал, унеб буго хал гьаби мунпагІат кьоледухъ хъутабазул ракьалдаса пайда босулеб бугищан»,-ян бицана районалъул экономикаялъул, росдал магІишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХязул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимовас.

Районалъул командаби спортивиял турниразда гІахьаллъиялъул хІакъалъулъ баян гьабуна муниципалитеталъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухІма МухІамадовас.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул юридическияб отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидовас абуна законалъул тІалабазда данде кколедухъ росабазул поселениязул ва лъайкьеялъул учреждениязул уставал рачиналъе хІалтІи гьабулеб бугин.

Районалда гІурус мацІалъул, географиялъул ва цогидаги предметазул олимпиадаби тІоритІиялъул, 2019 соналъ ЕГЭ кьеялъе база гІуцІиялъул, лъайкьеялъул иш школазда иналъул информациягун вахъана лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул ведущий специалист Сурхай Сурхаев.

Культураялъул учреждениязул ва библиотекабазул хІаракатчилъиялъул хІакъалъулъ бицана культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХІайбула ГІабдурахІмановас. Районалъул экономикаялъул, росдал магІишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХязул отделалъул нухмалъулев ХІусен Мутаевас рорхана социалиябгун экономикияб рахъалъ церетІеялъул суалал, бихьизабуна муниципалиял хъулухъал электроннияб къагІидаялъ тІурай заманалъ тІалаб гьабулеб ва хІажатаб иш букІин.

Районалъул бетІерасул коррупциялда данде къеркьеялъул суалазул рахъалъ кумекчи НурмухІамад ГІизудиновас ричІчІизаруна доходазул хІакъалъулъ справкаби кьолаго, декларациял цІезарулаго цІунизе кколел законазул ва нормативиял актазул пунктал.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІерасул заместитель МухІамад Хъарагишиевас дандельиялъул хІасилал гьаруна, киналго ахІана цере лъурал масъалаби тІураялъе гІоло жигарчилъиялда хІалтІизе, ракІалде щвезабуна законалда, гражданазда цебе бюджеталъул хІалтІухъабазул жавабчилъи кинаб бугебали.

**ИнформациялъулӀ «Гумбет» гІуцІи**

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

# Нухде чабах чІвана, гьеб гІатІид гьабуна, лъим чвахизе каналал рухъана

### ИчичІали - КІижани нухалъе ремонт гьабулеб буго гІадамаз садакъаялъе кьурал сурсатаздалъун

**Бакълъулазул районалъул ИчичІали ва Болъихъ районалъул КІижани росабазда гьоркьоб бугеб шагьрануалъе ремонт гьабулеб буго. Пахъул гІеретІ гулгунал гьарулел ичичІалисездаги мадугьалихъ бугеб КІижани росдал гІадамаздаги гьоркьор дармил, экономикиял, культуриял ва цогидалги бухьенал руго.**

ИчичІали ва КІижани росаби цолъизарулеб щуго километралъул манзилалъул нухалъе ремонт гьабулеб буго гІадамаз садакъаялъе кьурал сурсатаздалъун. Гьенир хІалтІулел руго бульдозер, «Беларусь» экскаватор, КАМаЗал ва цогидабги техника. КІиябго росулъа гІадамалги руго гьенире рахъун хІалтІизе.

ИчичІали росулъа хІаракатчи МухІамад Ханахъаевас бицана ремонталъулал хІалтІаби ахиралде щолел ругилан.

«ИчичІалиса КІижанибе транспорт хьвадулеб нух къачІаялда гьираялда хІалтІулел руго киналго. Лъеца нухал хвезариларедухъ рекъезаруна рогІрал, ихх ине каналал рухъана, нухде чабах баччана, гвендахарал бакІал ритІа-ришизаруна, нух гІатІид гьабуна. ИчичІалисезул ва кІижендерил рахъалдасан кІудияб баркала загьир гьабула нух къачІаялъе квербакъаразе, азардаражаялде бахинабеги сурсатаздалъун гьабураб кумек. Сахлъи ва халатаб гІумру кьеги спонсоразе, инвесторазе, меценатазе, нух къачІаялда хІалтІарал киназего»,-ян абуна МухІамад Ханахъаевас.

**«Гумбет» РИО**

ЖАМАГIАТАЛЪУЛ ГАЗА

# Анкьазаргоялдаса цIикIкIун хъулухъ тIубазабуна

**МФЦялъул Бакълъулазул районалда бугеб гIуцIиялъул бетIер ГIумар МухIамадовасулгун гара-чIвари**

**Бакълъулазул районалда гIемерфункциялъулаб централъул филиал рагьаралдаса гIадамазе бигьалъана батIи-батIиял хъулухъал тIуразе. Жакъа щивасул рес буго «Дир документал» централдеги рачIун кьваригIараб хъулухъ тIубазе. «Гумбет» басмаялъул хIалтIухъаналъул гьесулгун гьадинаб гара-чIвари ккана.**

**-ГIумар, гьаб соналъул анцIго моцIалда жаниб нужеца кигIан хъулухъал тIурарал?**

- 2018 соналъул анцIго моцIалда жаниб Бакълъулазул районалда бугеб гIемерфункциялъулаб централъул филиалалъ тIубан буго 7 азаргоялдаса цIикIкIараб хъулухъ. ТIурарал хъулухъазул цIикIкIараб къадар буго гIадамазул рукIа-рахъиналда, социалияб рахъалда хурхарал. Нижеца тIубазе рес буго 400 гIан батIияб муниципалиял, республикаялъулал ва федералиял идарабазул хъулухъ.

2018 соналъул тIоцебесеб ноябралде тIурарал хъулухъал рехсани: госуслуга порталалда хъвай-хъвагIай гьабун буго 716, батIи-батIиял идарабазул справкаби кьун руго 494, паспортазул прописка гьаби, бахъи-2811, цIияб паспорт босиялъул, хисиялъул-469, лъималазе батIи-батIиял пособиял кьей-489, ОПФРалъул хъулухъал- 1121, буголъиялъул бетIергьанлъиялъул хъвай-хъвагIаял гьариялда хурхарал хъулухъал-1369, муниципалиял хъулухъал -614.

**-ГIадамазе бигьалъиялъе тIаде бачIараб батIияб хъулухъ бугищ?**

- «Дир документал» централъ тIуралел хъулухъал къо бахъанагIан цIикIкIунел руго. Масала, гьабсагIат гIадамазе мунпагIалъи бугел, батIи-батIиял тIад бугеб налог, гIакIаца водительлъиялъул удостоверениял, паспортал гIадамазе.

Цебего гIадин, жакъаги нижеца кIвар кьезе буго районалъул гIадамазул тIадкъаял кьокь-



лъазаби, гьел гIарац кьун тIаса рихьизари. Гьединго, рес буго централдасан цо бутIа щвезе хасаб «МФЦ-бизнес» программаялда рекъон районалъул предпринимателазеги. Россиялъул МФЦялъул гьитIинал ва гьоркьохъел предпринимателазе кумек гьабиялъул банкалъулгун хвараб кьотIи-кьаялда рекъон, предпринимателазе рес буго МФЦялдасан кредитазул рахъалъ кумек щвезе. Гьеб банкалъул руго батIи-батIиял программаби, гIодорегIанисел процентазда цIикIкIараб къадар гIарцул щвезе бегьулел. Нижеца байбихьун буго росизе тIад хъвай-хъвагIай гьабураб буголъиялъул кьимат битIун гьабиялъе гIоло жал хIалтIизе ругел буголъиялъул хIакъалъулъ декларациял. Кьезе руго ниже-аб болжалалда, тIадегIанаб даражаялда тIураялде. Централъул хIалтIи гIуцIараб буго муниципалиял,республикаялъул, федералиял ва цогидалги идарабазулгун хъварал кьотIи-кьаязда рекъон. Гьединлъидал кьотIиялда гьорлъ гьечIел хъулухъал нижеца тIуразе рес букIунаро. Цо-цо гIадамазда кколеб буго киналго хъулухъал централъул хIалтIухъабаз кIвараб жигар бахъула гIадамазда гьеб бичIчIизабиялъе, гьарула гьезие малъа-хъваял ва кумек гьабула гьел битIараб нухде ккезаризе. Кинаб бугониги суалалъе нижехъан жаваб щвечIого хутIуларо.

**Гара-чIвари гьабуна ГIайшат Исламбиевалъ**

БУХУЛЕБ БУГО ЦIУМУР

# «Нусго школа» программаялда рекъон, цIигьабуна игьелдерил школалъул тIох

**Гьал кьояз Бакълъулазул районалъул Игьали гьоркьохъеб школалде щвана Дагъистан Республикаялъул экономикаялъул ва территориалияб цебетIеялъул министр ГIусман Хасбулатов.**

Гьеб лъайкьеялъул учреждениялъул тIох хисана «Нусго школа» программаялда рекъон. ГIусман Хасбулатовас обход гьабуна школалъул корпусазда, хал гьабуна гьениб бугеб хIалалъул, лъайкьей цебетIеялъе ругел шартIазул.

Игьали школалда ремонталъулал хIалтIаби гьарулел руго «Дорспецстрой» ООО-ялъ. Республикаялъулаб «Нусго школа» проекталъе кумек гьабулеб буго Игьали школа лъугIарас. Меценатазул ва республикаялъул бюджеталъул сурсатаздалъун 300 гIан цIалдохъанас лъай босулеб школалъе ремонт гьабулеб буго.

«Программаялда рекъон нижее щвана чердакгун лъикIаб тIох. Цебе тIох гIекколаан, школалъул буголъи, пособиял пайда босиялдаса унаан. Гьединал проектаз хадубккунги лъайкьей цебетIеялъе квербакъилаан»,- ян абуна школалъул директор СагIид МухIамадовас.

**«Гумбет» РИО**

РЕДАКЦИЯЛДЕ КАГЪАТ

# ГIухьбузул къваридаб къиса

**ХIурматиял редакциялъул хIалтIухъаби! Гьаб кечI буго лъица гьабурали, киб ккараб къисаялъул хIакъалъулъ бугебали лъалареб кечI. Бицен гьадинаб буго: магIарда гIияда вукIун вуго лъабго вац. Къаси нохъоде гIиги гьун, кIудияв вацас гьоркьохъеседа абун буго цо гIиялъажо хвейилан, инсул гьединаб амру бугин. ГьитIинав витIун вуго лъим цIезе. Гьесда лъим батун гьечIо. КIиабилев нухалъ витIидалги батичIого вачIиндал, лъабабилев нухалъги витIун вуго, лъим цIезе ине хIинкъун ватилин мунан рагъдезеги рагъдон. Лъим цIезе унаго гьев васас абун буго кьуро тIаде тIейгийин вацал нуждайин. ГьебсагIат кьуруги тIаде тIун, нохъода хутIула кIиявго вац. Гьеб букIун буго Лайлатул къадриялъул сордо, гьедин кьун букIун буго лъимги. Гьарараб жо къабуллъулеб сордойин абулелъул, кьуро тIун буго.**

**ЧIиркъатIа гьаб кечI лъалев чи вукIана ХIосенил МахIмуд. 40 сон цебеккун хъван букIана гьес дие гьаб. МахIмудги хвана мунагьал чурад, лъиданиги лъачIого тIагIине гурин гьаб кечIилан, дие бокьана районалъул газеталда бахъизе битIизе.**

**ЧIиркъатIаса Бияхъай МухIамадгIалиев**

РагIал бихьулареб кьурул ракьанда,
ГIиял жанир гъолеб нохъо букIараб.
Берал гIунтIулареб кIкIалал ахада,
ТIад полоп бан унеб, цо лъар букIараб.
Къаси нахъалъагIан рехъадаги чIун,
Къавуде руссана эбелцадахъал.
БецIаб кIалтIаялде гIи-боцIиги гьун,
ЦIадуде къулана къайицадахъал.
Бахьун тIагъурги лъун сиртдеги вахун,
Нохъодул кIудияс кIалъай гьабуна.
Вахъа ГIумар тIаде гIангис хъвезе а,
Инсул амру бугин тIаса жо хъвезе.
Мунги Малачилав лъадал цIезе а,
ЦIигьанал хьаг базе изну щун бугин.
Малачилас лъелъе хьаг бегьулаго,
Балагьалъул кьуро тIолеб рагIана.
ТIад вуссун эхеде валагьулаго,
Гьелъул гьарчал рачIун речIчIула кIкIалахъ.
Эбелцадахъазул пуланаб гьаракь,
Дандерижабаца кьолин цоцахъе.
Дицани гьан квинин гьардарав Аллагь,
Бахьинаб гIияца щибдай кванала.
ГIухьбуца би гьекьон кьеч хьвазабила,
КьвекI чарал гъулбуца щибдай гьекъела.
Дида цебе бугеб щунусабго гIи,
Цоцазул квас бетIун тIагIунел руго.
ГIияда цересел рачI кьвекIал гьаби,
Чаран кьуру хьарсун гажал гьун руго.
Дир кверални бугеб щуябго килищ,
Щу-щу кьегIер бачIун цIункIулеб буго.
ЧIикIаселъ букъараб кьагIазул тIимугъ,
Кьер-кьерал кьагIаца бетIулеб буго.
ГIанди мусудуца лъурал буртаби,
Лъаббагьал дугIбуца кванален руго.
Дунги вугин абе дир эбелалде
Дуца чIабар лъечIеб чIарбиде рехун
Цинги вугин абе нижер инсуда,
Дуца чIало лъечIеб чIегIераб рокъов.

ИСЛАМАЛЪ ГЬАВУЛА ИНСАНЛЪУН ИНСАН

# Бакълъулазул районалда кIодо гьабулеб буго РабигIул аввал моцI

**Жинда жанив МухIамад авараг (с.т.гI.в.) гьавиялдалъун хиралъараб РабигIул аввал моцI кIодо гьабулеб буго Бакълъулазул районалъул киналго росабалъ. РабигIул аввалалъул 12 абилеб кьоялъ росабалъ мажгитазда, мадрасабазда ахIана мавлидал, имамзабаз вагIзаби гьаруна МухIамад аварагасул (с.т.гI.в.) гIумруялъул, гьесул кIодолъиялъул, халкъалъе хиралъиялъул бицун.**

Районалда РабигIул аввал моцIалъ дандеруссинал гьарула, мавлидал ахIула маданиял ва цогидал учреждениязда, гIуцIабазда. Щибаб соналъ мавлидал ахIула районалъул больницаялда, поликлиникаялда ва цогидалги бакIазда. Гьединаб тадбир хирияб моцIалъул хIурматалда дагьаб цебегIан тIобитIана Игьали росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централда. Рехсараб росдал руччабиги ракIарун, тIобитIараб мажлисалда рухIияб тарбиялъул, лъикIал тIабигIатал гIолеб гIелалъулъ куцаялъул хIаракатчагIилъун рукIана яцал ПатIимат ва Хадижат Тажудиновал. РабигIул аввал моцI баркун ва насихIатал гьарун, кIалъана Хадижат Гичи-



бицун вагIза-насихIатал гьаруна, киназего гьара-рахьиялгун кIалъаял рукIана.

Мажлис тIобитIиялъул

бегова, Лайла МухIамадова, ГIайшат СагIидова ва цогидалги.

**«Гумбет» РИО**

СОЦИАЛКА

## Управление социальной защиты населения информирует о необходимости представления документов для получения социальных выплат

**В рамках предоставления и оказания поддержки Управление социальной защиты населения доводит до сведения граждан о необходимости представления документов, а также погашения задолженности по оплате коммунальных услуг и электроэнергии.**

В рамках предоставления и оказания поддержки Управление социальной защиты населения доводит до сведения граждан о необходимости представления документов, а также погашения задолженности по оплате коммунальных услуг и электроэнергии.

Для получения социальной поддержки до 1 декабря 2018 года лица, получающие социальные выплаты, должны представить документы и справки. Необходимо представить следующие справки и сведения: получатели коммунальных услуг - справки: об инвалидности 1, 2, 3 группы; сведение, если ребенок инвалид; реабилитированные лица, ветераны труда - квитанции об оплате за электроэнергию за 2018 год или лицевую карту потребителя об оплате за 2018 год; многодетные семьи: справка об отсутствии задолженности по оплате коммунальных услуг или соглашение по ее погашению (ДЭСК); сведения о платежах с января по ноябрь 2018 года (включительно); справка из администрации села о том, что не работают, трудовых книжек не имеют (на мужа и жену); справка с места работы (бухгалтерия) о доходах за три предшествующих месяца, если родители работают; справка из пенсионного фонда (об отсутствии или о наличии пенсии); справка из центра занятости, по безработице (на мужа и жену); справка из налоговой инспекции (на мужа и жену); справка из детского отдела.

Работники образовательной, ветеринарной, медицинской, культурной и социальной организации должны представить справки об отсутствии задолженности по оплате коммунальных услуг или соглашение по ее погашению (ДЭСК). При непредставлении гражданами сведений все выплаты с 1 декабря будут приостановлены до представления указанных сведений. По всем вопросам обращаться в УСЗН в МО «Гумбетовский район», с. Мехельта, ул. Школьная, дом №13..

**УСЗН Гумбетовского района**

РОСАБИ-РОХХЕНАЛ



В ЗДОРОВОМ ТЕЛЕ – ЗДОРОВЫЙ ДУХ

## Электронная запись на прием к врачу

### Медицинское обслуживание через единый портал государственных услуг

**Предварительная запись на прием к врачу гарантирует, что в определенное время Вы сможете посетить нужного врача, при этом Вам не придется несколько часов ждать в очереди. Есть несколько способов, позволяющих записаться в поликлинику. Особой популярностью пользуется запись на прием к врачу через госуслуги. Через единый портал государственных услуг можно записать в поликлинику не только себя, но и кого-то из близких, например, детей. Как записать ребенка на прием к врачу через госуслуги и что для этого потребуется мы расскажем в рамках этого обзора.**

Электронная регистратура на портале госуслуги доступна для всех граждан, независимо от их возраста. Вы без особого труда можете записать своего ребенка на прием к нужному доктору. Достаточно указать в электронной форме записи полис ОМС ребенка, прикрепленный к поликлинике. Если Вы не прикреплены к медицинской организации, в которую планируете обратиться, то предварительно придется пройти процедуру, иначе запись на прием к врачу будет невозможна.

Перед тем, как записать ребенка на прием к врачу через госуслуги нужно зарегистрироваться на едином портале государственных услуг. Регистрировать ребенка не нужно, достаточно учетной записи в ЕСИА Госуслуги, принадлежащей одному из родителей. Если раньше Вы никогда не пользовались порталом государственных услуг, придется пройти процедуру регистрации. Этот процесс займет не более 5 минут. Чтобы получить доступ к электронной регистратуре достаточно стандартной учетной записи, для получения которой нужно указать в личном кабинете паспортные данные и СНИЛС.

Для записи на прием в электронном виде через ЕПГУ необходимо заполнить соответствующую электронную форму, указав номер полиса обязательного медицинского страхования (ОМС) и страховой номер индивидуального лицевого счета (СНИЛС). После этого нужно будет выбрать из списка свою поликлинику, врача необходимого профиля и доступные для записи дату и время приема.

После окончания записи на прием будет сформирован талон, доступный для печати. В любой момент его также можно найти в личном кабинете на портале. Система позволяет, в случае необходимости, отменить запись.

Также, воспользоваться в электронном виде услугой «Запись на прием к врачу» возможно через мобильное приложение «Госуслуги». Приложение доступно для всех популярных мобильных платформ.

Как прикрепиться к поликлинике

Система ОМС устроена так, что деньги на лечение каждого человека выдают конкретному медицинскому учреждению. Амбулаторно-поликлиническую помощь можно получать только в одной поликлинике. Для этого нужно выбрать, в какой поликлинике вы хотите обслуживаться, и прикрепиться к ней. Прикрепиться к нескольким поликлиникам одновременно нельзя.

Первичная медико-санитарная помощь оказывается по территориально-участковому принципу. По умолчанию гражданин прикрепляется к поликлинике по месту жительства. Но по закону можно выбрать и другую — не по месту регистрации. При этом медицинская организация обязательно должна быть в реестре ФФОМС. Отказать в прикреплении к поликлинике не по месту жительства могут, только если она переполнена: загрузка поликлиник определяется нормативами и ее нельзя превышать по закону.

Приказ Минздрава от 15.05.2012 № 543н

пп. 4 п. 1 ст. 16 закона № 326-ФЗ

ч. 1 ст. 21 закона № 323-ФЗ

Если вы хотите сменить поликлинику, нужно обратиться туда с письменным заявлением. Вместе с заявлением нужно предоставить оригиналы документов.

Для детей до 14 лет:

- свидетельство о рождении;
- паспорт законного представителя;
- полис ОМС ребенка.

Для взрослых:

- паспорт или временное удостоверение личности;
- полис ОМС.

**ЦРБ Гумбетовского района**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

## «Гумбет» басма – бакълъулазул тарих

### Подписка - 2019

**Хириял районцоял! Байбихьун буго 2019 соналъе газетал ва журналал хъвазе, гьездаго гьоркьоб нилъерго районалъул «Гумбет» газеталъеги подписка гьабизе.**

Гьеб хъвазе бегьула росабазул почалъул отделениялдасанги, «Гумбет» газеталъул редакциялдасанги. Районалъул гIумру бихьизабулеб матIу ккола райгазета.

Гьелдасан нужеда лъала районалъул гIумруялъул, гьелъул цIилъабазул, церечIарал масъалабазул хIакъалъулъ.

ХIурматиял росабазул администрациязул бутIрул, районалъул идарабазул, гIуцIабазул нухмалъулел, газета цIалулел! ХIаракат бахъе цIияб соналъе «Гумбет» газета щивав хIалтIухъанас хъвазе, щибаб коллективалъ редакциялъулгун щулияб бухьен ккезе.

Ниж божарал руго, нужер кумекалдалъун 2019 соналъ газета хъвалезул къадар цIикIкIине букIиналда.

ХIурматиял подписчикал!

Россиялда гIадатлъун лъугьун буго газеталъул-журналазул подпискаялъул багьа цIикIкIинаби. Гьале иргадулаб нухалдаги 2019 соналъе районалъул «Гумбет» газеталъул подпискаялъул багьаги хиралъана. Районалъул газеталъул 45 аб. номералда рахъарал багьаби хисун руго.

**Газеталъул багьа лъагIалие:**
**Почалдасан – 489,12 гъ.**
**Редакциялдасан – 250 гъ.**
**Бащдаб лъагIалие:**
**Почалдасан – 244,56 гъ.**
**Редакциялдасан - 150 гъ.**

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

БетIерав редактор ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1097
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторас. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ кьимат кьезелъун.